



“
Dènye bagay mwen te vle se
te pou ekspozé jenn pitit
gason mwen ak COVID,
oublyen menm ak lagrip
nòmal.

Yo te di mwen nou tout nou
ta dwe reponn kesyon
depistaj yo anvan chak
sesyon, epi adilt yo ta bezwen
mete mask pou gen plis
pwoteksyon.

ABBY
Paran, MA

@EIPLP #ElFaceToFace

Istwa Abby

Pitit gason mwen, Parker, fèt nan mwa avril 2021. Mari mwen, Ben aak mwenmenm nou te trèkontan ak nouvo pitit sa a, emn nou te debòde tou. Premye 2 semèn yo lakay la te yon toubayon pandan nou t ap chèche pran pye antanke paran.

Pandan nou t ap kòmanse abitye ak nouvo vi nou antanke fanmi 3 moun (plis 2 chen), nou remake Parker te bay preferans pou kote dwat li. Li te sanble li te toujou ap gade sou bò dwat lèli te nan chèz li nan machin la epi li te toujou ap dòmi ka kò li ki sou ladwat. Anmenmtan li kòmanse devlope yon kote ki te plat epi dous sou bò dwat tèt li. Lè nou te pale sa ak pedyat li, li mansyone tètikoli se te yon bagay ki rive souvan kay tibebe ki fenk fèt yo poutè fason yo pozisyon nan vant la epi li te voye nou al jwenn Entèvansyon Bonè (EI).

Nou te kòmanse pwosesis la pou EI evalye Parker lè li te gen anviwon 5 semèn, epi yo te jwenn lite elijib touswit apres. Lè sa a, poutèt pandemi COVID-19 la, vizit yo te tout vityèl. Mwen te kontan te gen chwa vityèl la paske mari mwen ak mwenmenm nou potko vaksinen poutèt plan elijibilite a, epi byen antandi, pitit gason ki te fenk fèt nou an pa t vaksinen nonplis. Premye sesyon yo nou te pran nan men founisè sèvis nou an, Beth, te itil nou anpil, men jan ou ka imajine sa, sa te difisil ak yon tibebe! Mwen pa t sèten si mwen t ap fè tout etirman/egzèsis yo kòrèkteman men mwen te konnen nou t ap fè tout sa nou kapab.

Après kèk semèn, Beth di nou yo t ap kòmanse òganize vizit lakay. Mwen te konnen jou a t ap vini lè peyi a t ap rekòmanse louvri, men byen antandi, mwen te gen dout kanmenm. Parker potko pran okenn vaksen epi nou te fenk pase ane dènye a ap limite kontak nou ak moun andeyò fanmi

nou. Dènye bagay nou te vle se te pou ekspoze jenn pitit gason nou ak COVID la, oubyen menm ak senp lagrip la.

Sepandan, Beth te asire mwen ke nou tout nou t ap reponn keson depistaj yo anvan chak sesyon pou rete an sekirite epi nou pa t ap kontre si youn nan nou te ekspoze ak COVID la. Anplisdesa, Beth ak mwenmenm, nou ta mete mask sou figi nou pou gen plis pwoteksyon. Lè sa a, mari m ak mwenmenm nou te vaksinen nèt, epi Parker t ap kòmanse “reveye” pou obsève lemond plis, kidonk mwen te panse li t ap benefisye pou gen sesyon ki pi pratik nan men founisè sèvis nou an.

Mwen te gen rezon! Premye vizit fas-a-fas lakay la te trè byen, epi li te sanble tankou mwen te benefisye plis de vizit la paske Beth te reyisi montre mwen etirman ak egèsis yo ak Parker dirèkteman. Menmsi li difisil pou pwograme sesyon nou an akòz kabicha nou pa ka prevwa yo, anjeneral, vizit lakay yo trè pwodiktif. Mwen santi mwen gen plis konfyans nan kapasite mwen pou mwen antrene ant sesyon yo epi mwen santi semèn aprè semèn ke n ap fè bon pwogrè.

Globalman pou nou, benefis pou kontre fas-a-fas piplis pase ti risk la. Lè gen tòtikoli ak kote ki plat, pi vit yo detekte li epi yo swen li, anjeneral l ap pi bon. Nou te vle asire nou ke nou n ap tire maksimòm nan tan nou pase ak founisè sèvis nou an pou asire byennèt Parker, epi vizit lakay yo te pèmèt nou fè sa. Li anfòm epi n ap fè gwo pwogrè pou devlope kapasite li yo. Si nou pa t gen vizit lakay Entèvansyon Bonè yo, mwen pa sèten nou ta nan menm pozisyon an jodi a, epi nou trèrekonesan pou sa.